



Pou Piblikasyon Imedya: 22/04/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## **ALOKAZYON JOUNEN LATÈ A, GOUVÈNÈ CUOMO FÈ KONNEN PRATIK EKOLOJIK NAN AJANS ETA A FÈ YO FÈ \$13 MILYON EKONOMI NAN DEPANS**

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te anonse egzekisyon politik ekolojik nan ajans eta a fè kontribiyab New York ekonomize \$13 milyon anmenm tan sa kreye yon kokenn bès nan itilizasyon ak gaspiyaj papye, epitou yon ogmantasyon resiklaj. Dapre yon nouvo rapò ki soti jodi a, ajans eta a fè gwo pwogrè nan evite epi bese oposib itilizasyon pestisid ak nan ogmante acha pwodi ekolojik. Anons sa fèt nan Ionè Semenn Latè, 19-25 Avril la, Gouvènè a te pwoklame kòm yon semenn selebrasyon angajman New York nan pwoteje anviwonman nou.

“New York jwe yon wòl lidè nan fè operasyon eta a pi anfavè ekoloji atravè diminisyon gaspiyaj ak ogmantasyon resiklaj, sa ki yon lòt bò ekonomize lajan kontribiyab,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Grasa itilizasyon estrateji vèt, ajans eta nou yo ap bay prèv stabilite pote alafwa siksè ak ekonomi alontèm. Pandan n ap selebre Jounen Latè a epi n ap reflechi sou pil ak pakèt resous natirèl nou genyen isit nan eta sa, m ap ankouraje chak grenn Nouyòkè pou yo reflechi sou kijan yo ka pote pati pa yo pou yon fiti pi pwòp.”

Men prensipal reyalizasyon ajans eta yo:

- yon bès 40 pousan nan papye fotokopi ajans lan achte depi lane 2011 ekonomize \$13 milyon dola kontribiyab yo, sa ki mete yon total ekonomi depi lane 2008 nan \$27.4 milyon;
- yon bès 53 pousan nan gaspiyaj ki pwodi depi lane 2008;
- yon ogmantasyon stab to resiklaj, ki rive nan pi wo nivo 71 pousan li, nan toulede ane fiskal 12-13 ak 13-14, ak yon mwayèn 63 pousan depi lane 2008;
- yon ogmantasyon acha stab papye fotokopi ki fèt ak pwodi resikle apre konsomasyon 100 pousan, ki te rive 50 pousan tout papye fotokopi nan lane fiskal 13-14, yon ogmantasyon soti 22 pousan nan lane fiskal 08-09l; epi
- ajans yo adopte tout kote mwayen ki pa chimik pou kontwole parazit nan gazon ak plant òneman, yon pratik ki pwoteje poliniatè, sa ki te rive 70 pousan tout ajans yo nan lane fiskal 13-14, yon ogmantasyon 22 pousan depi lane 2011.

W ap jwenn rapò a sou <http://www.ogs.ny.gov/EO/4/Default.asp>.

Komisyonè Pwoteksyon Anviwonman Joe Martens te di konsa, “Ajans eta yo ap pran

aksyon pou adopte yon pil ak pakèt pratik ekolojik, san bliye diminisyon fabra ak itilizasyon pwodi chimik toksik. Angajman Gouvènè Cuomo pou l pwoteje sante piblik ak anvwonman mennen nan pi wo nivo pèfòmans ak inovasyon.”

Komisyonè Sèvis Jeneral State Office RoAnn Destito te di konsa, “Esperyans New York kontinye montre pratik stab bon pou rezilta yo. Yo pa koute plis kòb, epi yo ka menm ekonomize yon bon kantite lajan, sitou nan domèn bès gaspiyaj.”

Claire Barnett, Direktè Healthy Schools Network, te di konsa, “Mwen di bravo pou Gouvènè a, ak tout patnè New York kap travay ansanm pou operasyon ekolojik eta a, sitou ak itilizasyon mwens pwodi chimik. Jan rapò sou stabilite a montre jodi a, New York elaji bon nivo li yo epi anjaje l pou l itilize pwodi netwayaj ki bon pou anvwonman. Kounye a ajans nan sis eta nan rejyon nòdès, ansanm ak lekòl nan New York ak atravè New England, kapab pwofite kontra pou achte pwodi ki bon pou lasante nan bon pri.”

Antou, 89 pousan ajans eta kap fè evalyasyon ap itilize pou kounye a pwodi netwayaj ekolojik, 99 pousan aplike politik pou diminye itilizasyon enèji, epi 83 pousan itilize Jesyon Parazot Entegre pou anpeche parazit rantre anndan kay.

Pwogram pou bese gaspiyaj, ogmante efikasite enèji, evite itilizasyon pwodi chimik toksik epi pou konsève dlo nan operasyon eta a fè pati pi gwo estrateji pou pwoteje tè, lè ak dlo nou yo. New York se yon lidè nan batay kont chanjman klima atravè bès emisyon gaz ki gen efè sè, pwoteksyon espas louvri, epi amelyorasyon kalite dlo nan tout rejyon eta a.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418